

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA ETAZINI AK
GOUVÈNMAN

Madi, 20 jen 2006 — 1:15 p.m. pou 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, vire jiska dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo, e dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn tout kesyon nan **tout** pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

Pati I genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

Pati II genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

Pati III baze sou plizyè dokiman:

Pati III A genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

Pati III B genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Direksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou yon fèy repons separe *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan sa yo bay yo, ki pi ale ak deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Achte Nouvèl Oleyan kòm yon pati nan Lwizyann te konsidere enpòtan pou devlopman Misisipi ak vale Rivyè Ohio yo akòz vi la
 - (1) te bay pwoteksyon kont atak Espanyòl
 - (2) te bay travayè migran pou fèm yo nan rivyè vale
 - (3) te sèvi kòm yon pò pou pwodwi agrikilti Ameriken yo
 - (4) te sèvi kòm sant kiltirèl pou nasyon an
- 2 Pandan peryòd kolonyal la, Palman Angle a te itilize politik mèkantilis pou
 - (1) limite faktori nan Amerik la
 - (2) prevni kritik politik wayal yo
 - (3) anpeche reprezantasyon kolon yo
 - (4) fòse kolon yo pou fè adorasyon nan Legliz Anglikan an
- 3 Akò Mayflower a ak chanm depite Viginya a se egzant
 - (1) opòtinite egal pou fanm pandan peryòd kolonyal la
 - (2) etap pou ale nan gouvènman reprezantatif
 - (3) akò ekonomik yo ant kolon yo ak Endyen Ameriken yo
 - (4) limit gouvènman Angle a te mete sou Kolon Ameriken yo
- 4 Yon resanblans ant Deklarasyon Endepandans la ak Deklarasyon Dwa Moun se ke tou de dokiman yo
 - (1) adopte yon gouvènman ak twa branch separe
 - (2) diskite sou plent kolonyal yo kont monachi a
 - (3) Chita sou enpòtans libète Endividyèl
 - (4) Kritike pratik esklavaj

- 5 Ki tit ki ale pi byen ak deskripsyon an pati ki anba a?

I. _____ A. Reprezantasyon B. Komès esklav C. Taksasyon D. Eleksyon prezidan
--


- (1) Kòz Lagè Revolisyon an
 - (2) Kondisyon yo nan Trete Pari, 1783 a
 - (3) Pwoteksyon yo anba 10zyèm Amannman an
 - (4) Konpwomi yo nan Konvansyon Konstitisyonèl la
- 6 Filozòf Fransè Syèk Limyè a Bawon De Montesquieu te fè louanj sistèm politik Angle a paske li te divize pouvwa gouvènman ant monak la ak de chanm Palman yo.

Ki prensip ki te nan Konstitisyon Etazini an ki montre moun k ap deside yo te dakò ak Montesquieu?

 - (1) sou separasyon pouvwa yo
 - (2) sou sipremasi federal
 - (3) sou pouvwa tasit
 - (4) pwosè ki respekte lalwa
 - 7 Ki tit ki montre yo bezwen kritik pouvwa jidisyè a?
 - (1) **“Kongrè a Pase yon Deklarasyon Sivil Dwa moun”**
 - (2) **“Komite Konferan la Rankontre pou Fini ak Bidgè a”**
 - (3) **“Plan Redistribisyon Nouyòk la te Aplike San Respè konstitisyon an”**
 - (4) **“Prezidan an Siyen Akò SALT la ak Larisi”**

Sèvi ak dyagram anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 8 la.

Òdonans Tè lane 1785 Sistèm Ankèt Tè Rektangilè



Sous : Edgar B. Wesley, *Our United States: Its History in Maps*,
Denoyer-Geppert (adapte)

- 8 Sistèm yo montre nan dyagram nan te devlope anba Atik yo nan Konfederasyon an pou kapab
- (1) separe tè yo sezi nan men Lwayalis yo
 - (2) etabli yon sistèm devlopman nan lòd pou Teritwa Nòdwès la
 - (3) retire Endyen Ameriken yo nan zòn lwès Montay Apalachian yo
 - (4) pwolonje esklavaj pandan nasyon an t ap grandi

9 Ki deklarasyon ki se yon egzanp sistèm federalis la?

- (1) Prezidan an nonmen manm kabinè yo.
- (2) Pwojè lwa sou resèt yo dwe kòmanse nan Chanm Reprezantan yo.
- (3) Gouvènman nasyonal la kreye lajan, men eta yo pa kapab.
- (4) Prezidan an ka negosye trete yo, men Sena a gen pouvwa pou ratifye yo.

10 Premye amannman nan Konstitisyon an okipe sitou de

- (1) dwa eta yo
- (2) dwa pwopriyete yo
- (3) dwa moun yo akize
- (4) dwa pou eksprime ou

11 Yon rezon prensipal ki fè Aleksann Amilton te pwopoze yon bank nasyonal se te pou

- (1) amelyore pozisyon ekonomik gouvènman Etazini an
- (2) ede gouvènman eta yo kolekte taks yo
- (3) mete kredi disponib pou pwopriyete ti fèm yo
- (4) redwi investisman etranje nan Etazini

12 Pandan prezidans Andrew Jackson, sistèm depouy la te lakòz


- (1) eta yo anile lwa federal yo
- (2) moun ki eli yo te bay sipòtè yo travay nan gouvènman an kòm rekonpans
- (3) tout gason ki lib te gen dwa vòt
- (4) lafen koripsyon politik nan gouvènman federal la

- 13 Konvansyon 1848 Seneca Falls la te konsènen an premye pa
- (1) lafen esklavaj nan tout eta yo
 - (2) rediksyon itilizasyon bwason ki gen alkòl
 - (3) amelyorasyon tretman malad mantal
 - (4) pwolonjman dwa fanm yo
- 14 Kwasans ekonomik rapid zòn Nò a te ankouraje pa
- (1) eliminasyon taks sou endistri defans yo
 - (2) rediksyon kantite imigran yo
 - (3) ogmantasyon demann gouvènman an pou plizyè pwodwi
 - (4) moun ki nan esklavaj k ap travay nan endistri
- 15 Amanman Konstitisyonèl ki te adopte pandan Rekonstriksyon an te fèt pou
- (1) bay dwa legal ak politik pou Afriken Ameriken
 - (2) mete fen nan kalifikasyon pwopriyete ak kalifikasyon relijyez pou vote
 - (3) korije pwoblèm yo ak sistèm kolèj elektoral la
 - (4) limite kantite fwa prezidan an ka eli
- 16 “Kwasans yon gwo biznis se senpman sa ki pi bon an ki rete. Bèl wòz Ameriken an kapab grandi ak ekla epi santi bon sa ki pote lajwa pou moun ki genyen li a, sèlman lè yo sakrifye ti boujon ki grandi ozalantou li a. Se pa yon tandans ki move nan biznis. Se senpman rezilta lwa lanati ak lwa Bondye. . . .”
- John D. Rockefeller, Jr.
- Ki konsèp sitasyon sa a dekri?
- (1) kominis
 - (2) Popilis
 - (3) itopi sosyalis
 - (4) Panse sosyal Dawin
- 17 Nan Sid, adopsyon lwa Jim Crow yo nan lane 1870 yo ak 1880 yo te mennen dirèkteman nan
- (1) entegrasyon rasyal lekòl piblik yo
 - (2) tonbe pati Demokratik la
 - (3) òganizasyon Ku Klux Klan an
 - (4) segregasyon sèvis piblik yo
- 18 kwasans gwo biznis yo nan fen lane 1800 yo te lakòz
- (1) yon rediksyon travay timoun
 - (2) eliminasyon klas mwayèn
 - (3) twou ekonomik ant rich ak pòv la vin pi laj
 - (4) yon chanjman nan envestisman nan transpòtasyon sòti nan chemennfè yo pou kanal yo
- 19 Nan fen 19vyèm syèk, Kongrè a te eseye limite pouvwa monopoli lè yo
- (1) kreye Komisyon Komès Federal
 - (2) ranfòse Lakou Siprèm
 - (3) adopte lwa Granger yo
 - (4) pase Lwa Antitrust Sherman nan
- 20 Rezon prensipal ki fè Etazini te aplike politik Pòt Louvri nan Lachin sete pou
- (1) ankouraje imigrasyon
 - (2) etann refòm demokratik yo
 - (3) ankouraje libète relijyon
 - (4) garanti posiblite pou pre mache yo
- 21 Ki politik Etazini ki asosye pi plis ak aneksyon Awayi ak Filipin?
- (1) netralite
 - (2) izolasyonis
 - (3) enperyalis
 - (4) koperasyon entènasyonal
- 22 Nan lane 1906, publikasyon *The Jungle*, Upton Sinclair te ekri, te mennen Kongrè a nan
- (1) dekrete lwa entèdiksyon ki pi di
 - (2) sipòte mouvman konsèvasyon nasyonal la
 - (3) etabli yon sistèm pou enspekte vyann
 - (4) legalize grèv ak blokaj sendika yo
- 23 Desizyon Lakou Siprèm nan ka *Schenck* kont *Etazini* (1919) te fè konnen
- (1) imigran yo gen dwa limite
 - (2) libète pawòl pa nèt ale
 - (3) dwa moun yo akize a kapab pa gen limit
 - (4) anm yo dwe gen dwa vòt

- 24 Refòm Lè Pwogresif yo tankou inisyativ, referandòm, ak rapèl t ap eseye
- (1) ogmante pouvwa sitwayen yo nan eta a ak nan gouvènman lokal la
 - (2) etabli ankò sistèm chèk ak balans
 - (3) bay agrikiltè yo kredi ak yon enterè ba
 - (4) bay Ameriken Natifnatal yo dwa vote tou
- 25 Kisa ki te de kòz alabaz Kivèt Pousyè pandan kòmansman lane 1930 yo?
- (1) ekstrè min ak dechè toksik yo lage
 - (2) agrikilti depasé ak sechrès ki di
 - (3) koupe pye bwa nan forè yo ak konstriksyon chemennfè
 - (4) twòp moun ak ekspansyon nan vil
- 26 Ki faktè ekonomik ki te kòz prensipal Gran Depresyon an?
- (1) achte aksyon sou kredi
 - (2) ogmantasyon taks sou biznis
 - (3) rediksyon frè sou enpòtasyon yo
 - (4) mankman pou pwodwi ase byen pou konsomatè yo
- 27 Pandan administrasyon Prezidan Franklen D. Rouzvelt Kòporasyon Asirans Depozit Federal la (FDIC) ak Komisyon Sekirite yo ak Echanj (SEC) te kreye kòm yon fason pou
- (1) bay moun ki pa t ap travay yo travay
 - (2) ogmante lajan pou pwogram sekou ak retablisman
 - (3) limite risk yo ki mache ak epay ak envestisman
 - (4) aplike amannman nouvo taks sou revni an
- 28 **“Lavant Zam bay nasyon ki nan Lagè Entèdi”**
“Ameriken yo Entèdi Vwayaje nan Bato Nasyon ki nan Lagè yo”
“Prete Nasyon yo ki nan Lagè lajan Entèdi”
“Materyèl Lagè t ap Vann Sèlman sou Baz Lajan Kontan”
- Tit sa yo nan kòmansman lane 1930 yo montre efò Etazini pou
- (1) Kenbe libète lanmè yo
 - (2) voye materyèl militè nan Lig Nasyon yo
 - (3) limite kominis entènasyonal gaye
 - (4) anpeche patisipasyon nan lagè Lewòp yo

- 29 Yon Objektif prensipal rasyonman gouvènman an òdonen pandan Dezyèm Gè Mondyal la sete pou
- (1) ogmante komès entènasyonal
 - (2) limite kwasans endistri a
 - (3) konsève materyèl premye nesite pou efò lagè a
 - (4) ankouraje fanm rantrè nan travay
- 30 “. . . Direktè Otorite pou Deplasman nan Lagè a otorize epi resevwa lòd pou kreye epi egzekite [aplike] yon pwogram pou deplase, nan zòn yo tanzantan Sekretè pou Lagè a oubyen yon kòmandan militè ki gen dwa anba otorite Lòd Egzekitif No. 9066 19 Fevriye lane 1942 a chwazi, moun oubyen klas moun ki rantrè anba Lòd Egzekitif sa a, epi pou replase yo, okipe yo , epi sipèvize yo. . . .”
- Egzekitif Lòd 9102, 18 Mas, 1942
- Tou swit apre siyati lòd sa a, otorite gouvènman federal yo te kòmanse
- (1) deplase Japonè Ameriken yo nan Kan entènman
 - (2) depòte sitwayen Alman ak Italyen yo
 - (3) kenbe epi entewoje imigran Chinwa yo
 - (4) arete moun ki te planifye atak sou Pearl Harbor a
- 31 Nan lane 1957, Prezidan Dwight D. Eisenhower te voye twoup federal yo nan Little Rock, Arkansas, pou
- (1) pwoteje dwa sivil moun k ap fè mach yo
 - (2) ede Afriken Ameriken anrejistre pou vote
 - (3) ranfòse yon desizyon Lakou Siprèm pou fini ak segregasyon nan lekòl piblik yo
 - (4) fini afwontman ant ras yon bòykòt nan yon bis te lakòz
- 32 **“Yo Pouse Batista Kite Pouvwa”**
“Envazyon Labèdèkochon pa Reyisi”
“Avyon U-2 yo montre Misil Sovyetik yo”
- Tit sa yo montre relasyon ant Etazini ak
- | | |
|------------|-------------|
| (1) Kanada | (3) Meksiko |
| (2) Kiba | (4) Panama |

Sèvi ak foto ki anba a epi ak konesans ou nan Syans sosyal pou reponn kesyon 33 a.



Sous : James K. Martin et al., *America and Its Peoples*, 3rd edition, Addison Wesley Longman

33 Moun k ap manifeste yo nan foto sa a ap fè konnen yo rayi

- (1) fachis yo
- (2) kominis yo
- (3) imigran yo
- (4) ofisyè polis yo

34 Yon rezon Prezidan John F. Kennedy te kreye Pis Kò sete pou

- (1) kanpe SIDA pou li pa gaye nan Lafrik ak Lazi
- (2) gen kontwòl teritwa nan Ameriklatin
- (3) bay nasyon endistriyèl yo travayè
- (4) bay nasyon k ap devlope yo sipò

35 Yon objektif prensipal pwogram Gran Sosyete Prezidan Lyndon Johnson la sete pou

- (1) kontwole enflasyon ekonomik
- (2) fini ak povrete nan Etazini
- (3) pou pote chanjman nan pwogram sosyal New Deal yo
- (4) retounen responsablite pwogram byenèt yo bay eta yo

Sèvi ak karikati ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 la.



Sous : Herblock, *The Washington Post*, June 18, 1963

36 Moun ki fè karikati a ap kòmante sou reyaksyon piblik la sou yon desizyon Lakou Siprèm ki

- (1) te limite prezans nan legliz yo
- (2) te egzije priyè lakay
- (3) te deklare priyè nan lekòl pa konstitisyonèl
- (4) te entèdi moun obsève fèt relijyez

37 Nan ka *Gideon* kont *Wainwright* (1963) ak *Miranda* kont *Arizona* (1966), Lakou Siprèm te deside moun yo te kondane pou krim te

- (1) te entèdi pwosedi lalwa ki ta dwe aplike a
- (2) te entèdi yon jijman rapid ak piblik
- (3) te viktim fouy ak sezi ilegal
- (4) te jwenn santans ki te di epi ki pa nòmral

38 Premye objektif politik etranje detant Prezidan Richa Nikson nan sete pou

- (1) asire viktwa Ameriken nan Vyetnam
- (2) rezoud Konfli yo nan Mwayennoryan an
- (3) aboli Òganizasyon Trete Atlantik NÒ a (ATAN)
- (4) amelyore relasyon ak Inyon Sovyetik

39 Lwa Salè Egal la, amannman sou edikasyon Tit IX la, pwopozisyon amannman sou Dwa Egal yo (ERA) te sitou efò pou amelyore estati

- (1) Afriken Ameriken yo
- (2) Endyen Ameriken yo
- (3) travayè migran yo
- (4) fanm

40 Yon politik esansyèl administrasyon Prezidan Ronal Rigan nan sete

- (1) redwi depans defans la
- (2) bese to taks sou salè
- (3) fini ak desegregasyon sèvis piblik yo
- (4) promouvwa kontwòl ti biznis yo

41 Akò Lib Echanj Amerikdinò a (NAFTA) aK Akò General sou tarif Ladouan ak Komès yo (GATT) te ankouraje peyi yo

- (1) patisipe nan ekonomi global
- (2) kreye yon kòb entènasyonal ki menm
- (3) aksepte menm kontwòl salè ak pri
- (4) kontwòle kòporasyon miltinasyonal yo

42 **“Enfliyans Komite Aksyon Politik yo Kontinye ap Monte”**


“Repibliken ak Demokrat yo depanse plis pase \$100 Milyon nan Eleksyon Prezidansyèl”

“Sena a adopte Lwa Refòm sou Finans Kanpay la”

Sou ki pwen santral tit sa yo chita?

- (1) Repibliken ak Demokrat yo depanse menm kantite lajan.
- (2) Sitwayen Ameriken peye gwo taks pou sipòte kanpay prezidansyèl yo.
- (3) Lajan gen yon gwo enpak sou pwosesis politik Ameriken an.
- (4) Kandida yo depanse anpil nan lajan pa yo nan kanpay politik yo.

Sèvi ak karikati ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 43 a.



Sous : Scott Stantis, *The Birmingham News*, June 27, 2002 (adapte)

43 Ki lide ki se pwen santral karikati sa a ki desinen apre 11 Sektanm, 2001?


- (1) Èske gen nesesite pou mete sou kote kèk libète sivil pou pwoteje nasyon an?
- (2) Èske Etazini ta dwe redwi enpòtasyon petwòl nan men Mwayennoryan?
- (3) Èske Etazini bezwen kèk limit nan imigrasyon?
- (4) Èske Etazini ta dwe abandone Konstitisyon an?

44 Ki tit ki ale pi byen ak deskripsyon an pati ki anba a?

- I. _____
- A. Anilasyon Kriz
 - B. Lwa Kansas-Nebraska
 - C. *Dred Scott* kont *Sanford*
 - D. Eleksyon Lincoln (1860)

- (1) Politik Etranje Etazini yo
- (2) Politik Gouvènman yo parapò ak Endyen Ameriken yo
- (3) Konsekans Manifès Destine a
- (4) Kòz Konfli nan Seksyon yo

Sèvi ak graf anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 ak 46 yo.



Sous: U. S. Census (adapte)

- 45 Dapre graf la, ki te premye lane kote Ameriken te viv plis nan vil yo pase andeyò?
- (1) 1860 (3) 1920
 (2) 1890 (4) 1930
- 46 Ki prensipal kòz tandans chat la montre?
- (1) tè pou plante ki pa chè te disponib
 (2) ogmantasyon endistriyalizasyon
 (3) lafen restriksyon yo sou imigrasyon
 (4) finalizasyon sistèm otowout

- 47 Ki menm pwoblèm agrikiltè lane 1890 yo ak agrikiltè lane 1920 yo te rankontre?
- (1) mankman pou plante ase rekòt pou satisfè bezwen lokal yo
 (2) twòp kontwòl gouvènman an sou agrikilti
 (3) tarif ba sou rekòt
 (4) twòp pwodiksyon konpare ak demann konsomatè yo
- 48 Revòlt Panameyen an, lagè Ris-Japonè a, ak Kreyasyon sistèm Pak nasyonal yo te pase pandan prezidans
- (1) William McKinley
 (2) Woodrow Wilson
 (3) Herbert Hoover
 (4) Theodore Roosevelt
- 49 • Eskandal Teapot Dome nan
 • Renesans Alèm
 • Jijman Scopes
- Pandan ki dekad evenman sa yo pase?
- (1) 1920 (3) 1940
 (2) 1930 (4) 1950
- 50 Yon bagay ki menm nan administrasyon prezidan Abraham Lincoln, Franklin D. Roosevelt, ak Lyndon Johnson se ke yo chak
- (1) te kenbe yon politik etranje netralite
 (2) te bay prezidans la plis pouvwa
 (3) retire Jij Lakou Siprèm yo nan pòs yo
 (4) te desann kantite militè yo

Repons pou kesyon redaksyon yo sipoze ekri nan livrè redaksyon an.

Nan devlopman repons ou pou Pati II, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Direksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Chanjman — Pwen Tounan

Yo souvan pale de Gwo evenman istorik yo kòm yon pwen tounan paske yo te mennen nan chanjman politik, sosyal, ak ekonomik enpòtan.

Sa w gen pou fè:

Idantifye **de** gwo evenman nan istorik Etazini ki te pwen tounan enpòtan epi pou *chak*:

- Dekri sikonstans istorik ki te mennen nan evenman an
- Diskite chanjman politik, sosyal, **ak/oubyen** ekonomik evenman sa a lakòz.

Ou kapab sèvi ak gwo evenman nan sa ou etidye sou istwa Etazini. Kèk sijesyon ou ta vle konsidere se siyati Delarasyon Endepandans la (1776), lafen Rekonstriksyon an (1877), Itilizasyon Indistri Asanblaj Henry Ford te fè (1913), Lè Etazini rantre nan Premye Gè Mondyal la (1917), *Brown* kont. *Depatman Edikasyon nan Topeka* (1954), adopsyon Rezolisyon Gòlf Tonkin nan (1964), epi chit Mi Bèlen an (1989).

Ou pa bezwen rete sou sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

An redaksyon ou an, fòk ou

- Devlope tout aspè tach la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati III, fòk ou panse a definisyon jeneral sa a:

diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Li fèt pou li teste abilite ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revise pou kesyon an menm. Pandan w’ap analize dokiman yo, panse a kote chak dokiman soti ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

Kontèks istorik:

Depi lane 1900, Medya pou mas yo (jounal yo, liv yo, magazin yo, postè yo, foto yo, nouvèl yo, radyo yo, fim yo, ak televizyon) te gen yon enfliyanse enpòtan nan istwa Etazini ak sou sosyete Amerikèn nan.

sa w gen pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon yo ki vin apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou yo ak kesyon yo ap ede w ekri Pati B redaksyon an, kote y ap mande w pou

- Diskite wòl medya pou mas yo te jwe nan enfliyanse istwa Etazini **ak/oubyen** sosyete Amerikèn nan depi lane 1900. Sèvi ak egzanp istorik pou sipòte diskisyon ou.

Pati A

Kesyon ak Repons kout yo

Direksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki vin apre chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1A

. . . Pandantan sa a, ofisyèl yo nan rezo radyo te dakò prezantatè emisyon prezidansyèl la ap Robert Trout ki nan Sistèm Difizyon estasyon Wachinton, ki gen manajè li ki te Harry C. Butcher. Yo te prepare de entwodiksyon; yonn ki te fòmèl Trout te prepare; yonn ki te popilè Butcher te prepare. Yo te bay tou le de nan Mezon Blanch pou kritik, kote nouvèl te vini tou swit fè konnen Roosevelt prefere plis sa ki popilè a. Kidonk vè dizè nan aswè 12 Mas, vwa dous Bob Trout te pale ak 60 milyon moun, ki te chita devan prèske 20 milyon radyo, pou di “Prezidan an vle vini lakay ou epi chita bò kote chemine ou pou yon chita pale.”

Epi Roosevelt te fè sa.

Li pran vwa rich li ki rezonnen tankou yon tenò, li te vini tankou yon vizitè souriyan epi ki gen yon konfyans ki asiran nan prèske 20 milyon kay pou li di zanmi li yo ki la—yon mesaje nan Bifalo, yon granmoun vè nan Des Moines, yon plantè ble Plenn O yo, yon operatè nan yon estasyon gaz nan Birmingham, yon daktilograf nan Memphis, yon siyè nan Oregon, yon ouvriye faktori nan Chicago, yon pwofesè kolèj nan Kansas, yo chak nan pwòp plas pa yo—yo pa bezwen pè. Tout bagay ki te ale mal ap ranje, yon fason k ap anpeche bagay yo ale mal ankò. . . .

Sous: Kenneth S. Davis, *FDR: The New Deal Years, 1933–1937*, Random House, 1986 (adapte)

1a Dapre dokiman sa a, kòman Prezidan Franklen Delano Rouzvèl itilize chita tande bò cheminen an nan radyo pou enflyanse pèp Ameriken an pandan Depresyon an? [1]

Score

Dokiman 1B

. . . Kòm rezilta nou kòmanse demen, Lendi, ak bank ki louvri nan douz vil Bank Rezèv Federal yo- bank sa yo dapre yon premye egzamen Trezò a te deja jwenn yo nòm. Sa te pral swiv Madi ak rekòmansman tout aktivite yo ak bank yo ki te deja bon pou vil yo ki te rekonèt yo kòm sant verifikasyon. Sa vle di 250 vil nan Etazini. . . .

Sous: Franklin D. Roosevelt, *Fireside Chat*, March 12, 1933

1b Dapre dokiman sa a, kisa moun yo aprann sou bank yo pandan chitatande bò cheminen an? [1]

Score

Dokiman 2

Ansyen repòtè radyo, Robert Trout, k ap pale sou pwogram nouvèl nan radyo nan lane 1930 yo:

. . . Sete yon apremidi menm jan ak tout lòt nan kay yo: moun yo t ap reyini ozalantou gwo aparèy radyo lè nouvèl yo kòmanse, epi oken moun pa pral pale anpil jis lè sa fini. Yo te koute H. V. Kaltenborn ki pote pou yo repòtaj sou Lagè Sivil Espagnòl la ak bri zam yo ak distans, epi san dout okenn moun pat janm tandè bri zam tout bon nan lè anvan. Radyo te pote bagay yo dwat lakay moun yo, epi li te kòmanse afekte jan moun yo santi yo parapò ak sa ki t ap pase nan lemonn. Kidonk lè yon bagay enpòtan t ap pase nan Lewòp, peyi a te prepare pou koute. Ameriken te toujou yon fason entereze nan zafè Lewòp, men yo te sèlman pat santi sa te afekte yo pèsònèlman. Kounye a yo nan admirasyon.

Lè Itlè pran Otrich, nou fè yon bon demi èdtan repòtaj sou Lewòp, ak korespondan nou nan Pari, Bèlen, Wachintonn, ak Lond, epi mwenmenm nan Nouyòk, ki t ap jwe wòl sa yo rele kounye a yon prezantatè. Alòs nan lane 1939 criz chèk la vini, sa ki te yon gwo evenman, epi peyi a te kontan ak sa. Yo te koute tout sa ki te posib pou yo koute. Nou fèk pran radyo a, ap fè repòtaj chak minit, kenbe atansyon peyi a. Se te yon gran novote pou te kapab tandè yon moun tankou Itlè ap pale, oubyen pou tandè Nevil Chanbèlen retounen sòti Minik epi leve papye anlè epi di, "Sa vle di lapè nan tan pa nou". Sa te yon mèvèy pou tandè pawòl lyo menm.

Se pa yon egzajerasyon pou di radyo mennen tout peyi a ansanm, tout nan menm moman, tout moun ap koute menm bagay yo. Epi peyi a te renmen tèt kole ansanm nan fason sa a. Nan maten moun yo t ap di, "Èske ou te tandè sa yè swa? Ou te tandè Itlè ap pale ankò? Sou kisa li t ap pale? Ou te tandè yo tout t ap bat bravo, 'sieg heil'? Sa w te panse? Sa te sou bouch tout moun. Moun pat ko wè, byen, egzaktman kòman tout bagay sa yo k ap pase lòt kote te pral afekte pèsònèlman lavi toulejou yo. . . .

Sous: Peter Jennings and Todd Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998

2 Dapre deskripsyon sa a Robert Trout fè, bay **de** konsekans radyo te genyen sou Ameriken yo nan lane 1930 yo.
[2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 3



Sous: U. S. Army, Adolph Treidler, artist, 1943

3 Kisa ki te **yon** objektif postè Premye Gè Mondyal sa a? [1]

Score

Dokiman 4

Neal Shine, yon repòtè pou *The Detroit Free Press*, repòtaj sou fim sou nouvèl yo montre nan sinema pandan Dezyèm Gè Mondyal la:

. . . Nou te gade fim sou nouvèl yo, vèsyon Oliwoud sou Dezyèm Gè Mondyal la, ak pati ki montre kote batay yo ap fèt la kote nou te toujou genyen. Te gen yon pakèt sansi, jan nou te jwenn sa lane apre yo, paske pèsonn pat vle moun konnen jan sa pat bon. Si te gen kò moun ki te mouri sete kò Japonè yo. Men vèsyon Oliwoud sou lagè a ale ak nou menm timoun trè byen. Nou te goumen lagè sa a nan Sinema nan Pwent Lès la, Sinema PLaza, Sinema Lakewoud. Nou te nan Gouadalkanal, nou te nan *Thirty Seconds Over Tokyo*, Nou te ale nan tout plas sa yo. Mwen sonje yon bagay ki te rele *Ti gason Estalingrad* la, yon veritab fim pwopagann sou yon tigason ki kanpe tout lame Alman an pou kont li. Nou te wè nou nan li menm paske li te yon timoun epi nou te timoun, epi nou ta p fè sa li te fè a si nou te gen pou nou te fè li. Si alman yo te janm vin nan zòn lès Detwa nou t ap trase liy nan yon kote ozanviwon Ri Makèt la epi defann teritwa nou menm jan ak tigason Estalingrad la. . . .

Sous: Peter Jennings and Todd Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998

- 4 Dapre Neal Shine, ki enpak fim sou nouvèl yo ak sinema yo te gen sou timoun pandan Premye Gè Mondyal la? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Senatè Jozèf Mkkati, nan Wisconsin, pat kapab jwe sou emosyon moun ak menm konpetans zanmi li, Richa Nikson te kapab fè sa. Tras Mkkati te kite sou figi peyi mwen pap efase vit, epi kapab gen lòt ki pral eseye swiv chemen li. Zam li sete laperès. Li te yon nèg ki pat sofistike politikman ak yon gou pou piblisite; epi li te ak tout fòs jwenn èd ak silans nèg timid ki te pè pou yo pat sant akizasyon li yo ki fèt san prèv. Li kontamine vwa kominikasyon yo, epi chak rezo radyo ak televizyon, chak editè jounal ak magazin ki pat pale kont li, patisipe nan move travay li epi ta dwe pataje reponsablite pou sa yo te fè, pa sèlman sitwayen parèy nou yo men tou pou pwòp respè nou. Nan bon sans li te yon fabrikasyon mas medya yo. Yo te fè li. Yo te sikile nan tout nasyon an pawòl li yo [opinyon]. Yo te defann aksyon yo sou baz sa li te di yo sete nouvèl, lè yo konnen sete manti. Premye parèt li yo nan televizyon sete nan wòl yon nèg ki te gen sèl dezi pou chase kominis nan gouvènman an ak nan tout pòs responsablite yo. Sete objektif li li te deklare. Majorite moun san dout te mache avèk li. Yo te konn di toutan televizyon te lakòz li tonbe. Men se pa tout bon vre. Kontinye parèt [televizyon] pandan Odyans Lame-Mkkati yo, siman te fè yon bagay pou diminye [desann] imaj li. Li te vin tounen yon nwizib. Men chit li reyèlman sòti nan jan li pa respekte règ klib la, Sena Etazini a, lè li te kòmanse atake entegrite, lwayote Senatè parèy li yo, kò a te sansire li, epi li te fini. Timidite televizyon an te montre lè yo te annafè avèk nèg sa a ki t ap simen laperèz sou tout teritwa a, se pa yon bagay a kominikasyon an kapab janm pale ak fyète, ni tou li pa ta dwe bliye li. . . .

Sous: Edward R. Murrow, Guildhall Speech, London, 1959; Edward R. Murrow Papers

5 Dapre Edward R. Murrow, poukisa Jozèf Mkkati sete yon “fabrikasyon medya pou mas yo”? [1]

Score

Dokiman 6

. . . Pou fè bagay yo kontinye mache, Hewitt te mande Kennedy “Ou vle makijaj?” Kennedy te fè kanpay nan Kalifòni epi li te parèt pran anpil solèy, plen enèji, epi byen nan po li. Li te reponn vit “non!” Nixon te sanble san koulè. Li te fè yon ve pou fè kanpay nan tout senkant eta yo epi li t ap eseye kenbe. Anplis, li te gen yon ti maladi tou kout epi li te pèdi kèk pwa; kole chemiz li parèt lach nan kou li. Men apre Kennedy di “non” li te reponn yon “non” ki te fèm tou. Pita konseye li yo te gen enkyetid pou jan li te parèt, yo te mete pou li Lazy-Shave, yon pwodwi ki te rekòmande pou yon “makijaj senkèdtan.”

Premye deba yo te yon dezas pou Nixon. Sa ki te pase a pat gen anyen pou wè ak sa tou de pati yo t ap di ki te prèske menm [tipik] manèv ak mesaj kanpay yo. Sa moun yo ki devan televizyon an te remake anvan se aparans konfyans, ajilite lespri jèn Kennedy te fè parèt [sòti] . Sa te parèt pa sèlman ak deklarasyon klè ki apiye ak jès pasipala, men tou ak jan li gade menm lè li pap pale. Don Hewitt te itilize pafwa “imaj reyaksyon yo” ki montre chak kandida ap tande lòt la. Yon kout je sou Kennedy k ap tande montre li te atantif, alèt, ak yon souri ki vle di yon bagay sou bouch li. Yon kout je sou Nixon montre li blèm; liy sou figi li sanble yo fon epi te montre yon imaj moun ki pè. Alafen, syè te parèt anba Lazy-Shave la.

Edward A. (“Ted”) Rogers, konseye prensipal Nixon pou televizyon, te pwoteste kont imaj reyaksyon yo. Men Hewitt fè konnen se yon teknik televizyon nòmal epi moun k ap gade ap santi yo tronpe yo si yo pa wè yo. Bagay sa yo kapab te jwe yon patisyon ki peze anpil nan katastwòf Nixon nan. Pami moun ki te tande premye deba a nan radio, Nixon sanble te kenbe tèt li. Sèlman nan televizyon li te sanble li te pèdi. . . .

Sous: Erik Barnouw, *Tube of Plenty*, Oxford University Press, 1975

6 Dapre dokiman sa a, kòman Kennedy benefisye nan premye kampay televizyon avek Nixon? [1]

Score

Dokiman 7

Martin Luther King, Jr., te ale nan vil Birmingham an janvye 1963 pou li te mennen yon kanpay kont segregasyon nan enstalasyon piblik yo; men jèfò li yo te byen vit tounen yon pwoblèm pou Jim Crow nan tout move zafè li tap mennen anba chal yo. Yo te arete King an avril epi mete li nan prizon; lè yo lage li, li menm ak moun ki tap ede li yo te koumanse antrene timoun pou fè manifestasyon san vyolans epi voye yo devan, an gwoup byen òdone, pou polis ka arete yo. Strateji sila a te ranpli prizon vil la ak jenn ti nèg nwa, sa ki pwovoke komisyonè ki konbatif la, Bull Connor, pou li foute chen lapolis ak tiyo dlo pisan nan batay la. Charles Moore te souplais pou pran foto pou Life Magazine. Sèn terib ke foto li yo te montre kote tiyo dlo sa yo tap jayi sou manifestan yo ak chen ki tap vole sou moun yo, te mete opinyon piblik la nan kan mouvman dwa sivil sa a. Se pa souvan ke foto genyen enpak imedyat sou kouran listwa, pou nou pa di ke sa pa janm fèt.

Sous: Michael S. Durham, *Powerful Days: The Civil Rights Photography of Charles Moore, Stewart, Tabori, and Chang*

7 Dapre “Micheal S. Durham”, Kouman foto ka enfliyanse pozisyon moun nan mouvman dwa sivil yo? [1]

Score

Dokiman 8

. . . Yon dekad apre, Vyetnam te yon lòt istwa. Kòm jounalis Arthur Lubow fè nou sonje, “ se pat yon lagè deklare kidonk prezidan an pa te kapab enpoze sansi militè.” Epi, sete premye lagè ki fèt nan televizyon. Nan liv li sou korespondan lagè Ameriken yo, *Under Fire*, M. L. Stein rezime sa sa vle di: “Repòtè televizyon ak fotograf te pote lagè Vyetnam la nan kay yo. . . . Nwit apre nwit, nan byenèt salon yo, Ameriken te temwen agonizan yo, blese yo ak sa k ap mouri yo, destriksyon fizik, ak britalite san fen lagè a. Te gen plenyen, kèk ki sòti nan Pentagòn, . . . [de] yon fo imaj konfli a. . . .”

Sous: Ted Gottfried, *The American Media*, Grolier Publishing, 1997 (adapte)

8 Dapre sitasyon sa a, kòman televizyon enfliyanse opinyon piblik la pandan Lagè Vyetnam nan? [1]

Score

Pati B Redaksyon

Eksplikasyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv pou *pi piti senk* dokiman nan kò redaksyon an. Kore repons ou ak sa ki pase, egzanzp, ak detay ki frapan. Mete lòt enfòmasyon ki pa nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Depi lane 1900, Medya pou mas yo (journal yo, liv yo, magazin yo, postè yo, foto yo, nouvèl yo, radyo yo, fim yo, ak televizyon) te gen yon enflyans enpòtan nan istwa Etazini ak sou sosyete Amerikèn nan.

Sa w gen pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote w ap

- Diskite wòl medya pou mas yo te jwe nan enflyanse istwa Etazini ***ak/oubyen*** sosyete Amerikèn nan depi lane 1900. Sèvi ak egzanzp istorik pou sipòte diskisyon ou.

Gid:

Nan redaksyon an, asire ou

- Devlope tout pati nan sa yo mande w fè a
- Mete enfòmasyon ki sòti nan *pi piti senk* dokiman
- Mete lòt enfòmasyon ki frapan ki pa nan dokiman an
- Kore tèm nan ak sa ki pase, egzanzp, ak detay ki frapan
- Fè yon plan lojik epi klè, ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki bay plis pase sa tèm nan di

The University of the State of New York

Part I

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA AK
GOUVÈNMAN ETAZINI**

Mardi, 20 jen 2006 — 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi, sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la G/F: Gason Fi
 Non Pwofesè a
 Non Lekòl la

Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.

- 1..... 26
- 2..... 27
- 3..... 28
- 4..... 29
- 5..... 30
- 6..... 31
- 7..... 32
- 8..... 33
- 9..... 34
- 10..... 35
- 11..... 36
- 12..... 37
- 13..... 38
- 14..... 39
- 15..... 40
- 16..... 41
- 17..... 42
- 18..... 43
- 19..... 44
- 20..... 45
- 21..... 46
- 22..... 47
- 23..... 48
- 24..... 49
- 25..... 50

FOR TEACHER USE ONLY	
Part I Score	_____
Part III A Score	_____
Total Part I and III A Score	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>
Part II Essay Score	_____
Part III B Essay Score	_____
Total Essay Score	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>
Final Score (obtained from conversion chart)	<input style="width: 80px; height: 25px;" type="text"/>

No. Right

Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, lan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

